

# REVOLISYON AYISYEN AN AK ERITAJ LI APÈL POU 6<sup>ZYÈM</sup> GETO BYENAL 2019 DAT LIMIT PWOLONJE JISKA MINWI 10 ME BST

**Yon apèl pou atis yo ak moun ki konn òganize ekspozisyon atistik yo.**

(Apèl sa a pwal disponib byento sou sit web nou an : English, 官话, Português, لغة العربية, Español, русский, Ελληνικά, Deutsche, Français, नॉट...)

« Chak fòm esklavaj jenere, nan yon fason oubyen yon lòt, yon lit opoze pou liberasyon. »  
-- Carolyn E. Fick, *The Making of Haiti*, (The University of Tennessee Press 1990)

Revolisyon Ayisyen an se youn nan revolisyon pi enpòtan men pi neglije nan mond lan. Yo sanble efase li nan listwa oksidantal la.

« Redwi revolisyon ayisyen an nan silans se sèlman yon chapit nan listwa dominasyon mondyal lan. Sa fè pati diskou mond oksidantal lan. »  
-- Michel-Rolph Trouillot, *Silencing The Past*, (Beacon Press, Boston 1995)

N ap akeyi pwojè ki komemore Revolisyon Ayisyen an, ak sa k ap kesyone komemorasyon sa a. N ap chache istwa k ap trase yon vizyon altènatif revòlt esklav yo. Nou envite yon analiz konplèks lidè esklav yo, oswa istwa altènatif yo k ap chache reflekte pèspektif gwoup majinalize yo. Nou ankouraje nouvo vèsyon revòlt esklav yo ki rakonte atravè yon nouvo optik - ki pa binè, oswa ki prezante aspè omoseksyèl, sinatirèl, mistik, elatriye.

N ap chache pwojè ki itilize revòlt esklav ayisyen yo kòm yon baz pou reflechi sou istwa a. Nou louvri pou proje k ap fè konparezyon ant istwa sa a ak konjonkti aktyèl lan, oswa ki prevwa kisa lavni a kapab pote an konsekans.

« Paradòks ki genyen ant diskou sou libète a ak pratik esklavaj la te mache kòtakòt avèk dominasyon yon seri nasyon oksidantal te vin genyen nan ekonomi mondyal modèn lan. »  
-- Susan Buck-Morss, *Hegel, Haiti and Universal History*, (University of Pittsburg Press 2009)

*Sizyèm (6<sup>zyèm</sup>) Geto Byenal 2019 pral dewoule soti 29 novanm rive 20 desanm 2019.* Tout travay atistik yo oblije fèt, epi ekspoze an Ayiti. Nou pwal envite atis yo ak moun ki konn òganize ekspozisyon atistik yo pou pase yon (1) semenn pou pi piti, jiska twa (3) semenn maksimòm an Ayiti avan pou yo prezante travay pa yo devan popilasyon an nan katye yo, epi tou devan lòt kominote yo, devan kolektif atis yo, oswa devan òganizasyon atis yo.

Dat limit pou soumet pwopozisyon nou yo se **vendredi, 10 me, a 7tè diswa, lè Ayiti**. Nou pwal anonse pwoje ki seleksyone yo nan mitan mwa me.

MANM ATIS REZISTANS GEN YON DAT POU APLIKE, 30 JEN, KI SE PITA PASE VIZITE ATIS

Si w vle patisipe nan *Sizyèm GETO BYENAL 2019* la, ou dwe voye yon ti dokiman kote w bay yon ti kontèks sou konsèp pwojè w, epi ou dekri metodoloji ak estrateji w pou pwodwi ak ekspoze nouvo travay ou pwal fè a. Dokiman w pa dwe genyen plis pase 500 mo epi - ansanm ak desen yo si w ap itilize yo - li pa dwe depase 2 fas yon fey papye A4. Nou pa p kapab aksepte yon pwopozisyon ki depase 2 fas, oswa imaj ki anekse yo, epi nou pa pwal konsidere yon lyen pou yon sit web antanke konposant yon pwojè. Ou dwe voye tou, yon CV ki pa depase yon sèl paj.

Toulède dokiman sa yo dwe sou fòm PDF. Tanpri sovgade pwopozisyon w ak yon tit swivan fòmil sa a: SIYATI W\_NON W\_PROJ. Tanpri sovegade CV w ak yon tit swivan fòmil sa a: SIYATI W\_NON W\_CV.

Pa bliye: n ap chache pwodiksyon yo ki pwal kreye nan vil Pòtoprens pandan peryòd twa semenn yo. Nou pa enterese ak travay ki deja fèt. Nou t ap kontan akeyi pwojè yo ki baze sou yon kolaborasyon ak atis lokal yo epi nan ka sa a, nou kapab ede tabli kontak ant atis yo davans.

Evènman sa a pa gen okenn finansman. Chak patisipan pwal oblije kouvri tout depans li (transpò, manje/dòm, materyèl...). Nou pwal distribye yon lis pou lekti, epi genyen yon lyen pi ba pou yon film sou Atis Gran Ri yo ki sou entènèt. Nou t ap byen kontan ede nou a distans avèk rechèch oswa enfòmasyon nan faz preparasyon dokiman pwopozisyon an, ak nan faz preparasyon pou aktivite a menm. Nou kapab ba w konsèy pratik sou travay espesifik ou ansanm ak bidjè w pou vwayaj la. Si travay ou a pwal mande anpil antretyen entansif, nou konseye w deja pou w bidjetize pou pwòp tradiktè-tris pa w. Sonje, se sèlman 50% nan popilasyon ayisyen an ki kapab li, kidonk pwoje ki genyen anpil teks kapab difisil pou popilasyon lokal la konprann. Nou kapab ede w òganize yon chanm otel ak transpò sòt nan aewopò a.

Se sèlman atis ayisyen yo ki gen dwa sèvi ak kamera yo nan zonn GETO BYENAL la, men nou pwal genyen yon fotograf sou plas ki pwal dokimante pwojè yo nan fen evenman an, pou tout atis ki bezwen genyen imaj sa yo. Sepandan, ane sa a nou te deside fè eksepsyon sou entèdiksyon sila a pou n konsidere pwopozisyon yo ki kapte videyo oswa foto, depi se nan lòt zonn nan vil Pòtoprens yo pwal fèt.

*Nou remesye tradiktris benevol nou yo: Patricia Verdial (Español), Nelta Kasparian (Français), Yuk Yee Phang (官话), Anya Dorofeeva (русский), Priscilla Mountford (Português), Laurie Richardson (Kreyòl) Cat Barich (Deutsche), Ariadni Liakis (Ελληνικά) ak lòt ankò.*

Pou kòmande yon katalog Geto Byenal : <https://www.centralbooks.com/ghetto-biennale-geto-byenal-2009-2015.html>

Pou gade "Skilptè Gran Ri yo": <http://vimeo.com/14681755>

Pou plis enfòmasyon konsènan Atis-Rezistans: [www.atis-rezistans.com](http://www.atis-rezistans.com)

Pou achiv proje Ghetto Biennale anteryè yo: [www.ghettobiennale.org](http://www.ghettobiennale.org)

Voye kesyon oswa pwopozisyon yo bay Leah Gordon: [Leahgordon@aol.com](mailto:Leahgordon@aol.com)